



# Pwoteje Tèt Ou Lè Yon Moun nan Kay la gen COVID-19

Depatman Sante Florid • FloridaHealth.gov/COVID-19

## Evite pwopagasyon jèm. Tout tan sa posib, fè moun ki malad la rete nan yon sèl chanm, lwen TOUT MOUN nan kay la.

- Si kay ou gen plis ke yon twalèt, youn nan yo dwe rezève pou moun k ap resevwa swen an.
- Tout moun dwe evite pataje atik pèsònèl nan kay la, tankou asyèt, sèvyèt ak atik pou ranje kabann.

### Si ou gen mask pou figi:

- Fè moun ki malad la mete youn si li ozalantou lòt moun.
- Fè moun lan mete youn lè l ap resevwa swen.
- Si moun lan dwe sòti nan kay la pou nenpòt rezon, li dwe mete yon mask nan figi li anvan li kite chanm lan epi kenbe l sou figi li.
- Si moun lan pa ka mete yon mask nan figi, lòt moun nan kay la dwe mete mask lè y ap pran swen moun lan oswa lè y ap kominike ak li.

Ou pa dwe gen okenn vizitè san nesosite nan kay ou nan moman sa a.



### Lave Men Ou Souvan

Itilize savon ak dlo pandan omwen 20 segonn, sitou apre ou fin kominike avèk moun k ap resevwa swen an.



Ou ka itilize tou yon dezenfektan pou men ki gen omwen 60% alkòl. Kouvri tout sifas men ou epi fwote yo ansanm jiskaske ou santi yo seche.



Pratike ijyèn figi:  
Pa manyen zye,  
nen oswa bouch ou.

### Netwaye Sifas yo



Chak jou, netwaye tout sifas moun manyen souvan yo, tankou kontwa, anlè tab ak manch pòt yo.

Sèvi ak spre oswa ti sèvyèt imid netwayaj epi swiv esplikasyon ki sou etikèt la.

### Lave Lesiv yo an Sekirite

Etap pou lave lesiv moun k ap resevwa swen an:

1. Anvan ou manyen lesiv yo, mete gan jetab.
2. Mete lesiv yo avèk anpil prekosyon nan machin a lave a—lesiv la pa dwe touche kò ou.
3. Apre ou fin retire gan yo, lave men ou touswit.

